Pou Piblikasyon Imedya: 15/08/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOGRAM PILÒT GARANTI AKSESIBILITE NAN ENÈJI POU KLIYAN KI GEN REVNI BA YO

Pwogram pilòt inovatè pou redui chaj enèji pou fanmi ki gen revni ba yo ki elektrifye kay yo nèt

Asire fanmi yo pa peye plis pase sis pousan revni anyèl yo pou depans elektrisite

Gouvènè Hochul te anonse jodi a Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission, PSC) Eta New York la te apwouve aplikasyon pwogram pilòt Garanti Aksesibilite nan Enèji (Energy Affordability Guarantee). Desizyon PSC a bay yon plan pou konsepsyon ak aplikasyon yon pwogram pilòt sou aksesibilite nan enèji pou fanmi ki gen revni ba ki elektrifye totalman espas yo ak chofaj dlo atravè pwogram EmPower+. Pwogram pilòt sa a pral bay apeprè 1,000 patisipan nan pwogram EmPower+ asistans bòdwo ki adapte pou asire yo pa peye plis pase sis pousan revni anyèl kay yo pou depans elektrisite.

"Aksesibilite se yon priyorite prensipal, epi n ap fè envestisman ki nesesè anpil pou ede Nouyòkè ki gen revni ba yo elektrifye kay yo nan yon fason ki pa chè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk Garanti Aksesibilite nan Enèji a, n ap simonte obstak ki genyen nan adopsyon enèji pwòp pou fanmi ki pi vilnerab atravè eta a."

Gouvènè Hochul te premye dekri garanti aksesibilite nan enèji nan Eta Leta 2023 li a. Yo bay finansman pou pwogram pilòt sou plizyè ane a atravè yon alokasyon 50 milyon dola nan bidjè eta ane fiskal 2025 la.

Pou w elijib pou garanti a, kay kliyan an dwe satisfè nòm elijiblite revni pou pwogram revni ki ba yo, ki fikse sou revni anyèl fanmi an ki egal oswa pi ba pase 60 pousan Revni Mwayen Eta a; epi kliyan an dwe elektrifye kay li tou atravè pwogram EmPower+ la. Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ap administre pwogram EmPower+ la ki bay bon enèji gratis oswa sibvansyone ak amelyorasyon nan enèji pwòp pou fanmi ki gen revni ba rive nan modere.

Garanti a baze sou plizyè lòt règleman ak pwogram ki an plas pou adrese aksesibilite nan enèji ak solisyon enèji pwòp pou kliyan ki gen revni ba yo. Premyèman, PSC a gen

yon règleman sou aksesibilite nan enèji depi lontan ki te etabli an 2016, ki te fikse yon objektif pou kliyan ki gen revni ba yo pa peye plis pase 6 pousan nan revni anyèl kay yo pou bòdwo enèji yo. Pwogram aksesibilite nan enèji sèvis piblik la, ke pi gwo konpayi sèvis piblik elektrik ak gaz jere, bay kliyan ki gen revni ba yo èd pou peye bòdwo atravè rabè chak mwa. Anplis de sa, pòtfèy revni ki ba ak modere nan tout Eta a reprezante prèske 170 milyon dola inisyativ efikasite nan enèji ki ale jwenn fanmi ki elijib pou revni yo pou amelyore aksè a solisyon enèji pwòp chak ane soti 2020 jiska 2025.

Prezidan PSC a Rory M. Christian te deklare, "Mwen bat bravo pou devouman Gouvènè Hochul nan bay Nouyòkè yo resous finansye pou envesti nan opòtinite enèji efikas pou kay yo. Efò sa a pral chanje jwèt la pou fanmi ki gen revni ba yo, pandan n ap chèche ekilibre objektif ki egalman enpòtan yo nan dekabonize pak lojman nou an, pandan n ap fè avanse aksesibilite nan enèji pou kliyan ki gen revni ba yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la, Doreen M. Harris, te deklare,"Pwogram pilòt Garanti Aksesibilite nan Enèji ki te apwouve jodi a atravè Komisyon Sèvis Piblik Eta New York la montre angajman kontinyèl New York pou asire tout rezidan yo kapab jwenn aksè nan yon bon mache nan benefis tranzisyon enèji pwòp. Pwogram nan se yon adisyon enteresan nan EmPower+, ki montre kouman fanmi ki gen revni ki ba ak modere yo pral kapab benefisye bòdwo enèji ki pi ba ak konsistan pandan y ap jwi espas pou viv ki konfòtab ak an sante."

Sekretè Deta New York la, Walter T. Mosley, te deklare, "Kriz klimatik la ak aksesibilite se de nan pi gwo pwoblèm rezidan nou yo ap fè fas, epi pwogram pilòt inovatè Garanti Aksesibilite nan Enèji Gouvènè Hochul la pral ede rezoud tou de. Nouvo pwogram sa a ankouraje Nouyòkè ki gen revni ba yo pou yo elektrifye kay yo nèt, sa ki pèmèt yo ekonomize lajan epi tou kontribiye nan yon Eta New York ki pi vèt."

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape a, Barbara C. Guinn, te deklare, "Garanti Aksesibilite nan Enèji a pral pèmèt fanmi ki gen revni ba yo peye bòdwo sèvis piblik yo chak mwa pandan y ap diminye depandans yo sou konbistib fosil lè yo elektrifye kay yo nèt. New York kontinye ap yon lidè nasyonal nan abòde chanjman klimatik, epi Gouvènè Hochul te rekonèt enpòtans pou asire ke istorikman kominote ki pa jwenn sèvis ak defavorize yo kapab benefisye envestisman nan enèji pwòp sa yo."

Direktè Egzekitif ak Avoka Pwojè Lwa sou Sèvis Piblik (Public Utility Law Project, PULP) la, Laurie Wheelock, te deklare, "Depi nan kreyasyon li, PULP te defann Pwogram EmPower+ la depi lontan. Nou kontan kounye a wè Garanti Aksesibilite nan Enèji a travay men nan men atravè pwogram pilòt sa a pou bay yon soulajman ki nesesè anpil pou mil anmi ki gen revni ba ki gen difikilte ak bòdwo enèji ki wo. PULP felisite Gouvènè a paske li dirije efò sa yo ki pral ede fè avanse objektif klimatik nou yo pandan y ap bay benefis reyèl, tanjib pou fanmi vilnerab atravè Eta a. Nou espere

kontinye travay nou ak eta a pou ranfòse ak elaji pwogram esansyèl sa yo bay plis Nouyòkè."

Direktè AARP Eta New York, Beth Finkel, te deklare, "AARP bat bravo pou lidèchip Gouvènè Hochul ak Komisyon Sèvis Piblik la pou kontinye rann enèji pi abòdab pou moun ki gen difikilte pou peye bòdwo sèvis piblik yo k ap ogmante. Pwogram tankou EmPower+ pral sèvi kòm yon modèl solid pou règleman enèji nan lavni ki ka non sèlman ede fanmi ki gen revni ba yo, men tou, fanmi klas mwayèn sa yo ki ap eseye siviv."

Nan mwa me, Gouvènè Hochul te anonse Eta New York te vin premye eta nan nasyon an ki ofri konsomatè yo premye faz Rabè sou Elektrifikasyon Kay ak sou Aparèy (Home Electrification and Appliance Rebates, HEAR) nan kad Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) an. Premye sibvansyon fòmil 39.6 milyon dola a pral elaji pwogram EmPower+ New York la nan pèmèt plis fanmi ki gen revni ba amelyore kay yo avèk efikasite enèji ak amelyorasyon nan elektrifikasyon ki pral diminye depans enèji yo ak tranzisyon pou evite konsome konbistib fosil nan kay yo. Nan dat 14 jen, NYSERDA te soumèt aplikasyon an pou tout avantaj HEAR ak HER bay Depatman Enèji a, ki pral pèmèt ekspansyon òf rabè IRA pou rezidan ki gen revni modere yo ak pou pwopriyetè gwo bilding pou plizyè fanmi ki gen revni ba ak modere, osi byen ke finansman pwen lavant an detay (point-of-sale, POS) pou aparèy elektwomenaje yo.

PSC espere pwogram pilòt la pral bouche twou vid ki genyen sou enfòmasyon enpòtan konsènan elektrifikasyon kay pou moun ki gen revni ba tankou konsomasyon elektrisite siplemantè ak pri ki asosye avèk ponp chalè selon diferan pwofil kliyan ak lojman, pandan y ap diminye ogmantasyon chaj enèji. Enfòmasyon sa yo pral enfòme estrateji pi laj pou ankouraje dekabonizasyon sektè lojman an pandan y ap bay priyorite ak aksesibilite nan enèji ak pwoteksyon konsomatè pou Nouyòkè ki pi vilnerab yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York
Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj envestisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide atravè kèk nan inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, New York ap fè avanse yon seri efò – ki gen ladan pwogram New York Cap-and-Invest (NYCI) ak lòt politik konplemantè – pou diminye emisyon gaz lakòz efè tèmik a 40 pousan rive 2030 ak 85 pousan rive 2050 pa rapò ak nivo ane 1990 yo. New York sou wout tou pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwatye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se envestisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Envestisman sa yo ak lòt ap sipòte plis pase 170,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la apati 2022 ak yon kwasans plis pase 3,000

pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egzije pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon pwa lejè yo vann nan Eta a gen zewo-emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye fè aksyon klimatik New York la avanse avèk plise pase 400 Kominote Entelijans Klimatik ki anrejistre ak plis pase 130 Kominote ki sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ kontwòl lè kominotè Eta a nan 10 kominote devavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè epi konbat chanjman klimatik la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU